

Biwo Jesyon Pèfòmans

Sekirite W Enpòtan: Konprann Sipèvizyon Ensidan yo nan DHS

Depatman Sèvis Sosyal New Jersey (Department of Human Services, DHS) pran angajman pou pwoteje sante, sekirite, ak byennèt moun k ap resevwa sèvis yo. Biwo Jesyon Pèfòmans nou an (Office of Performance Management, OPM) travay pou asire nenpòt ensidan grav ki enplike yon moun ki nan swen rapòte, egzamine, epi swivi kòrèkteman pa lentèmedyè Inite Jesyon Ensidan Kritik (Critical Incident Management Unit, CIMU) ak Inite Verifikasyon Ensidan yo (Incident Verification Unit, IVU).

Inite Jesyon Ensidan Kritik la sipèvize tout afè ki gen rapò avèk rapò ak swivi ensidan yo, repons ak swivi ensidan ki rapòte yo. CIMU asire sipèvizyon ak asistans teknik pou founisè yo pou gaqaraanti respè egzijans rapò ensidan yo.

Inite Verifikasyon Ensidan yo fè verifikasyon an pèsòn sou ensidan ak akizasyon ki rapòte yo.

Si yon moun k ap resevwa sèvis DHS blese, neglijè, oswa mete an danje nan yon lòt fason, sitiyaasyon sa dwe rapòte. Sa gen ladan blesi fizik, abi emosyonèl, oswa evènman grav ki ta ka afekte sekirite. On fwa ensidan an rapòte, estaf fòme egzamine li, epi dispozisyon apwopriye pran pou pwoteje tout moun ki enplike yo.

Kijan mwen kapab rapòte soupson abi oswa neglijans?

Si ou sispèk yon moun pwòch ou te sibi abi, neglijans, oswa eksplwatasyon, ou ka rapòte l 24 è sou vennkat, 7 jou sou sèt:

- Adilt ki gen andikap nan devlopman:
Rele liy asistans DDD pou abi a nan [1-800-832-9173](tel:1-800-832-9173) (peze 1)
- Timoun mwens pase 18 lane:
Rele 1-877 NJ ABUSE ([1-877-652-2873](tel:1-877-652-2873)) oswa 911 si gen danje imedyatman.

Plati Tout

E si yon ensidan rive nan yon pwogram DMHAS?

Soumèt ensidan DMHAS yo bay:

- dmhas.incidentrept@dhs.nj.gov
- [\(609\) 341-2324](tel:609-341-2324)
- Plent sou Konsomasyon Sibstans: [1-877-712-1868](tel:1-877-712-1868)
- Plent sou Sante Mantal: [1-800-382-6717](tel:1-800-382-6717)

Ou pa bezwen prèv pou w fè yon rapò, epi ou gendwa rete anonim.

Ki enfòmasyon mwen ta dwe bay lè m ap fè rapò a?

Tanpri kominike tout kantite detay ki posib:

- Sa ki te pase a epi kilè
- Kote li te rive a
- Kimoun ki te enplike (si yo koni)
- Nenpòt lòt detay aplikab

Kisa ki pase apre mwen fè yon rapò?

- Pou sèten blesi oswa akizasyon, yon manm estaf eta ki soti nan Inite Verifikasyon Ensidan (Incident Verification Unit, IVU) an pral fè yon vizit an pèsòn nan lespas 48 èdtan pou asire moun lan an sekirite epi ensidan an rapòte avèk presizyon. Sa obligatwa dapre Lwa Stephen Komninos la epi se pa fanmi an oswa gadyen legal la ki pwograme li. Yo p ap fè okenn entèvyou ni kesyone manm fanmi w sou ensidan an.
- Ajans founisè a mennen ankèt sou ensidan ki afekte bay CIMU a epi CIMU egzamine yo an pwofondè. Yon lis detaye sou akizasyon ak evènman yo prezante nan [Griy Nivo ak Kategori Rapò Ensidan yo](#).
- Ankèt la anjeneral pran jiska 30 jou ouvrap pou l fini. Apre ankèt la fini, lè sa ajans founisè a voye rapò li bay DHS pou yo egzamine li.

Pou kisa ajans founisè a ap fè ankèt la?

Amelyorasyon sekirite mande efò kontini ak kolaboratif founisè yo dwe dirije prensipalman. Rapò ensidan yo gen ladan idantifye erè, admèt erè, korije kondisyon danjere, epi demontre amelyorasyon. Pwosesis kontini sa a favorize pi bon rezilta ak estanda sekirite ki pi wo. Rapò ensidan yo etabli yon anviwònman aprantisaj kote erè yo konsidere kòm opòtinite pou kwasans, sitou pou ensidan ki pi ba nivo yo ki pa lakòz domaj. Founisè yo dwe fè pwòp ankèt/egzamen yo sou ensidan yo pou yo ka pi byen konprann risk yo, prevni ensidan yo alavni, epi kiltive yon kilti ki toujou ap chèche atenn ekselans.

Èske moun pwòch mwen an ap an sekirite pandan ankèt la?

Wi. Founisè yo oblije pran dispozisyon imedyatman pou asire sekirite moun k ap resevwa sèvis yo. Sa gendwa gen ladan:

- Retire tanporèman estaf ki enplike nan ensidan an
- Separe moun ki enplike nan ensidan an
- Ajoute sipèvizyon
- Asire yo bay swen medikal

Èske y ap fè yon entèvyou avèk mwen nan kad ankèt la?

Si w te temwen ensidan an oswa ou te okouran li dirèkteman, yo gendwa mande w yon deklarasyon. Entèvyou yo konsantre sou rasanble enfòmasyon ki egzist, se pa sou opinyon.

Èske m ka jwenn yon kopi rapò ankèt la?

Manm fanmi yo ka mande yon kopi rapò ankèt la dirèkteman nan ajans lan.

Kijan m ap fè konnen lè ankèt la fini?

Yon fwa DHS fin fè egzamen li a, ajans founisè a dwe enfòme w sou rezilta a alekri. Sa gen ladan si ensidan an te fonde, epi ki dispozisyon ki te pran pou evite l rive ankò.

Ou ka rele DHS dirèkteman si w gen kesyon oswa enkyetid konsènan yon ensidan oswa yon ankèt; pou fè sa w ap kontakte Inite Jesyon Ensidan Kritik la (CIMU): [Kontakte Nou](#)

Ki kalite dispozisyon ki pran pou swivi?

Selon kalite ensidan an oswa akizasyon an, yo yon kantite aksyon swivi gendwa pran. Aksyon swivi yo obligatwa pou chak ensidan, kit wi ou non akizasyon an fonde. Men kèk egzanp aksyon pou swivi:

- Aksyon imedyat: swen medikal, retransfè estaf, sipèvizyon ranfòse
- Aksyon korektif: fòmasyon estaf, konsèy, chanjman orè
- Aksyon prevantif: politik revize, ogmante sipèvizyon, planifikasyon an ekip pou redui risk yo